

Sèvis pou Timoun

Bay Pitit ou Sa Ki Pi Bon

Cambridge Health Alliance gen yon ekip dokè, nès ak estaf sipò ekspè ki bay swen kowòdone ba timoun ak jennan nan tout rejyon metwopolitèn Boston.

Pwofesè nan Lèkòk Medsin Harvard Medical School ap siveye edikasyon elèv yo ansanm ak rezidan yo nan Lopital Jeneral Massachusetts General Hospital. Sa pèmèt nou rete okouran sou tretman medikal ki pi resan yo pou nou ka bay pitit ou sèten pami pibon kalite swen pedyatri ki disponib nan New England.

Nou Konta Akeyi Nouvo Pasyon yo!

Nimewo pou fè Randevou pou Swen Primè
617-665-1305

Espesyalizasyon Pedyatri
617-665-1264

Anpil doktè CHA ofri randevou oryantasyon pou paran ki pral gen yon pitit. Tanpri rele sant swen CHA dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon.

Pou Pitit ou an

- **Sèvis pou Tibebe.** Nou tavay men nan lamèn avèk Depatman OB/GYN pou swen tibebe anvan yo fèt epi ak tibebe ki fèk fèt nan nèsri nou an. Gen yon neonatolojis ki siveye travay la, ki se yon ekspè nan swen pou tibebe ki fèk fèt.
- **Swen Primè.** Chwazi nan pami 50 doktè ak nès espesyalize ki travay nan tout etablisman nou genyen yo nan zòn Boston (vire paj la pou jwenn yon kat).
Tout sit nou yo lye grasa yon dosye medikal elektwonik ultra-modèn, sa ki nou pèmèt konprann bezwen timoun ou chak fwa yo an kontak ak sistèm nou an. Doktè nou yo tou gen sèvis vizit malad 365 jou nan yon ane.
- **Swen Espesyalize.** Timoun ki malad bezwen swen espesyal, kidonk se pou rezon sa a nou mete prete espesyalis nou ki soti nan Massachusetts General Hospital pou voye yo nan CHA Cambridge Hospital. Epitou nou se lidè nasyonal tou nan swen pou opresyon ak sèvis sante mantal pou timoun.
- **Swen 24è sou 24.** Pitit ou ap jwenn aksè 24è sou 24 nan swen ijans nan twa (3) lopital nou yo: CHA Cambridge Hospital, CHA Somerville Hospital ak CHA Whidden Hospital nan Everett. Al gade nan www.challiance.org pou tan datant ki genyen pou kounyen an.

Sèvis Espesyalizasyon Pedyatri nan CHA

- Medsin pou Adolesan
- Sikyatri pou Timoun
- Endokrinoloji +
- ENT
- Newoloji +
- Pilmonoloji +
- Medsin pou Espòtif
- Chiriji +

+ *Gen Espesyalis Pedyatri MGH souplas nan CHA Cambridge Hospital*

Asirans

Nou aksepte pifò asirans sante ikonpri Tufts, Blue Cross, Harvard Pilgrim Health Care, MassHealth, Network Health, ansanm ak anpil lòt plan.



AFFILIATED WITH



Beth Israel Deaconess
Medical Center



MassGeneral Hospital
for Children



HARVARD MEDICAL SCHOOL
TEACHING HOSPITAL



Etablisman CHA Ki Resevwa Timoun

Cambridge

- CHA Cambridge Pediatrics
- CHA Cambridge Family Health
- CHA Cambridge Family Health North
- CHA Primary Care East Cambridge Care Center
- CHA Teen Health Center at CRLS
- CHA Primary Care Windsor Street

Somerville

- CHA Primary Care Broadway (Somerville)
- CHA Teen Connection at SHS
- CHA Union Square Family Health

Metro-North

- CHA Primary Care Everett Care Center
- CHA Everett Teen Health Center at EHS
- CHA Malden Family Medicine Center
- CHA Primary Care Revere Care Center

